

Fich Enfòmasyon sou Lejyoneloz

Kisa lejyoneloz ye?

Se yon bakteri ki rele *Lejyonèl* ki lakoz lejyoneloz. Maladi a genyen de fòm diferan. Maladi lejyonè sa a se fòm enfeksyon ki pi grav ki lakoz nemoni. Se menm bakteri a ki lakoz lafyèv Pontyak la, men se yon maladi ki mwens grav ki pa vini ak nemoni.

Maladi a jwenn non sa a aprè yon gwoup moun ki t ap patisipe nan yon konvansyon Lejyon Ameriken nan Filadèlfi nan lane 1976 te vin devlope nemoni. Byenke bakteri *Lejyonèl* la prezan anvan lane 1976, syantifik yo pa te janm rive jwenn bakteri sa a nan poumon yon moun ki malad anvan moman sa a.

Kilès ki ka trape lejyoneloz?

Tout moun ka trape lejyoneloz, men li pi komen epi plis grav lakay moun ki pi aje yo (an jeneral moun ki gen 50 lane oswa plis yo), moun k ap fimen oswa moun ki te konn fimen, moun ki gen maladi poumon ki kache (tankou anfizèm), ak moun ki gen sistèm iminitè ki afebli. Moun ki an sante ki te antre an kontak ak bakteri a kapab pa prezante okenn sentòm oswa kapab prezante sèlman yon maladi fèb.

Kijan lejyoneloz pwopaje?

Yo jeneralman jwenn bakteri *Lejyonèl* la nan anviwònman an epi li grandi pi byen nan dlo cho, tankou kalite dlo nou jwenn nan fontèn dekoratif yo, jakouzi, ti pisin nan fòm jakouzi, rezèvwa dlo cho, ak nan pilòn refwadisman èkondisyone yo. Inite èkondisyone lakay ak inite èkondisyone machin yo pa itilize dlo pou refwadi lè a, sa vle di yo pa yon risk pou devlopman *Lejyonèl* la. Bakteri a antre nan lè a lè gen kreyasyon yon ti goutlèt oswa yon aspèsyon dlo (pa egzanzp, avèk aparèy tankou tèt douch oswa ti pisin nan fòm jakouzi yo). Moun yo respire nan ti goutlèt ki te kontamine avèk bakteri a epi apresa yo kapab vin malad. An jeneral, bakteri a pa gaye de yon moun a yon lòt moun.

Ki sentòm lejyoneloz yo?

Maladi lejyonè a ka gen menm sentòm ak anpil lòt fòm nemoni, sa vle di li ka difisil pou dyagnostike l an premye. Siy maladi a genyen ladan yon gwo lafyèv, frison, ak yon tous. Kèk moun kapab genyen doulè nan misk ak tèt fè mal tou. Nemoni a ka grav anpil epi apeprè 1 moun sou 10 ki fè maladi Lejyonè a mouri. Epitou sentòm lafyèv Pontyak yo ka gen ladan lafyèv, tèt fè mal, ak doulè nan misk, men pa gen okenn nemoni.

Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo ka parèt?

Pou maladi Lejyonè a, sentòm yo jeneralman parèt 2–14 jou aprè ekspozisyon an, epi an mwayèn 5–6 jou. Pou lafyèv Pontyak la, sentòm yo jeneralman parèt 5–72 èdtan aprè ekspozisyon an, epi an mwayèn 24–48 èdtan.

Kijan yo dyagnostike lejyoneloz?

Yo ka itilize plizyè tèl laboratwa pou jwenn bakteri *Lejyonèl* la nan kò a. Tès yo itilize ki pi komen an se tèl antijèn irinè a, ki detekte bakteri a nan yon echantiyon pipi. Si pasyan an fè nemoni epi tèl antijèn pipi a pozitif, nan ka sa yo konsidere ke pasyan an fè maladi Lejyonè a. Yo ka dyagnostike maladi a tou avèk egzamen, lè yo devlope bakteri a nan laboratwa avèk krache oswa lòt sekresyon respiratwa (poumon) yo. Yo itilize tèl molekilè (deteksyon PCR) nan prelevman respiratwa yo tou pou klasifye yon ka lejyoneloz nan kad kontwòl sante piblik.

Finalman, yo ka itilize prelevman san yo pran yon ti tan aprè maladi a kòmanse epi yon lòt fwa nan plizyè semèn aprè retablisman an pou fè yon dyagnostik.

Ki tretman ki genyen pou trete lejyoneloz?

Yo itilize antibyotik pou trete maladi Lejyonè a. Pasyan ki fè nemoni yo kapab mande pou entènè lopital tou, kapab bezwen oksijèn, ak lòt swen medikal. Pifò pasyan ki gen lafyèv Pontiac yo amelyore nan lespas 2–5 jou san tretman.

Kijan yon moun ka prevni lejyoneloz?

Pa gen okenn vaksen pou prevni lejyoneloz. Nou ka redwi prezans bakteri *Lejyonèl* a lè nou byen konsève sistèm dlo kote bakteri a devlope a (tankou sistèm chofaj, refwadisman ak sistèm plonbri yo). Yo dwe vide pilòn refwadisman komèsyal yo lè yo p ap itilize yo epi yo dwe netwaye yo nan chak peryòd pou retire kras ak sediman. Rezèvwa dlo cho yo ta dwe konsève nan yon tanperati 140°F pou anpeche devlopman bakteri a epi tanperati dlo a ta dwe 122°F oswa plis nan wobinè a. Si gen risk pou brile, patikilyèman pou timoun yo, oswa pou moun aje yo, oswa pou moun ki gen andikap yo, yo dwe itilize mezi pwoteksyon pou anpeche moun brile. Moun ki gen jakouzi oswa ti pisin nan fòm jakouzi yo ta dwe swiv rekòmandasyon frabrikan yo bay pou netwayaj ak antreyen yo pou kenbe yo pwòp epi san okenn bakteri *Lejyonèl*. Nou pa ta dwe itilize dlo wobinè nan aparèy terapi respiratwa yo. Anplis, lè nou evite fimen sa ka redwi risk pou trape lejyoneloz.

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou lejyoneloz?

- Si ou gen enkyetid sou lejyoneloz, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Genyen yon anyè depatman sante lokal ki disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/local-health-districts/>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <https://www.cdc.gov/legionella/index.html>.